


# Sa Pou Ou Fè si Ou Teste Pozitif pou COVID-19 oswa si ou Se yon Kontak pwòch

Dyagram ki anba la a montre enstriksyon pou izòlman ak karantèn an jeneral. Verifye ak lekòl ou oswa anplwayè ou paske yo ka genyen enstriksyon ki diferan.



<sup>1</sup> Jou 1 se jou apre sentòm yo te kòmanse a oswa dat tès pozitif la.

<sup>2</sup> Si ou fè yon lòt tès COVID-19 nan Jou 5 lan epi **ou teste negatif**, ou kapab mete fen nan izòlman an epi ou ta dwe pote yon mask pou figi ki byen adapte ozalantou lòt moun yo pandan senk jou. Si ou **teste pozitif**, kontinye izole tèt ou pandan yon lòt senk jou.

<sup>3</sup> Yon kontak pwòch se nenpòt moun ki te nan yon distans 6 pye pandan omwen 15 minit pandan yon peryòd 24 èdtan ak yon moun ki genyen COVID-19 (menm si li pote mask pou figi). Yon moun kapab gen COVID-19 de (2) jou avan sentòm li yo kòmanse (oswa si li pa gen sentòm yo, de (2) jou avan li teste pozitif).

<sup>4</sup> Konplètman vaksinen vle di sa te fè omwen de (2) semèn depi vaksen Johnson & Johnson, oswa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a.

<sup>5</sup> Timoun ki gen 5 rive 11 ane ki te konplete seri vaksen kont COVID-19 inisyalya yo a omwen de (2) semèn desa pa bezwen fè karantèn piske yo pa elijib pou yon piki rapèl.

<sup>6</sup> Jou 1 se jou apre ou nan kontak pwòch avèk yon moun ki genyen COVID-19.

<sup>7</sup> Piki rapèl yo disponib pou moun ki vaksinen konplètman. Pou plis enfòmasyon, vizite [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine).

Pou plis enfòmasyon, vizite [on.nyc.gov/quarantine-isolation](https://on.nyc.gov/quarantine-isolation).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyaasyon an ap evolye. 2.4.22

Haitian Creole

